ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№184 (21.842) ● 2010 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Iуэхуk1э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профессиональнэ союзэхэм я Iэнатlэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын:

**Бауаев Казим Каллет и къуэм** – «Бэрбэч Хь. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Iуэхущlапlэм и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщlым

**Уэлджыр Татьянэ Хьэдис и пхъум** - егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я Налшык къалэ профсоюз комитетым и унафэщlым

**Егоровэ Галинэ Федор и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и тхьэмадэм и чэнджэщгъэм

**Мыз Хьэзрит Хьэбас и къуэм** - агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Шэджэм район комитетым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм фокIадэм и 23-м*
*№96-УП*

Бутерус Р. Э. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Iуэхуk1э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлlам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Бутерус Рольф Эдвин и къуэм** – «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщlам и директорхэм я советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм фокIадэм и 23-м*
*№97-УП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр етыным и Iуэхуk1э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщlэ ***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын***

**Обухов Олег Николай и къуэм** – «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщlам кабель щащl и Iэнатlэм продукцэр зыхуэхьи и лэжьакIуэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щ1ыхь зиlэ и ветеранкIэ» цlэ лъапlэр фlэщыгъэм***

**Якушенкэ Виктор Петр и къуэм** – «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщlам маркетингымрэ продукцэр щэныкIэ и унафэщlым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм фокIадэм и 24-м*
*№98-УП*

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

# ТекIуэдэнур къалъытэ

**Иджыпсту куэд егъэпlейтей узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэм щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэм. Араш Парламентым и Президиумым и зэпущlэм Правительствэм щыхуэхаха зэманым кьриубыдзу 2011 - 2012 гъэхэм КЪБР-м узынщагъэр хъумэныкIэ и системэр къэгъэщlэрэщlэжьыным теухуа программэр зэрагъэхьэзырым едэIуэну кьыщlыхьар.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкIэ и министр **Бицу Вадим** и псальэм кьыхэщащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщlу Путин Владимир узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэм реформэ ин1эр щрагъэкIуэкIыну Iыхьэ 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м зэрыщыжиIар. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я пlуабжьэу увын хуейщ фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэм теухуа законодательствэм хальхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Сымаджэщхэмрэ поликлиникхэмрэ 2011 гъэм щыщlэдзауэ ахъшэ езыгъынур фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэмкIэ фондырщ. Реформэм ипкъ иткIэ, страховой компаниехэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я рынокым щаIэ пщlэр кьаIэтынущ икIи абыхэм мы Iэнатlэм и лэжьыгъэр зэблагъэкIыу щlадзэнущ. Смотэм и пlэкIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэу зэфlагъэкIахэм я куэдагъэм тещlыхьауэ медицинэ Iуэхущlапlэхэм ахъшэ ирату хуежьакIэ, унафэщlIхэмэ lыжьыгъэ зэхъуэкIыныгъэ щыIэ зэрыщыIэм. Ахъшэр кьыдэрагъэсэбэпыр нэхъ нэрылъагъуу щытынущ.

УФ-м узынщагъэр хъумэныкIэ и Iэнатlэм реформэхэр щегъэжьэкIыным пыщlа кьалэнхэр гъэзэщlа хъун папщlэ, Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныкIэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэмкIэ фондымрэ зэщlыгъуу зэхалъхьащ 2011 - 2012 гъэхэм кьэралым и субъектхэм узынщагъэр хъумэныкIэ я Iэнатlэхэр кьэгъэщlэрэщlэжьыным теухуауэ лъабжьэу кьагъэсэбэп хъун программэ икIи ахэр щlыпlэ псоми яIэрыхьащ.

***(КIэухыр 2-нэ нап.)***

● Ди куейхэм

## Куэд зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэ

Аруан куейм кьышызэIуахащ **КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хъыбарыщIэхэмрэ чэнджэщхэмкIэ и Iэнатlэ.**

МАРДЭ пыухыкIам тету, мыбы и лэжьакIуэхэм районым и жылагъуэхэр кьызэхакIухь сабий пособиехэм, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ субсидиехэм ятеухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэхэм жэуап тэмэм зэрыратынум хуэгъэпса «Газель» транспортыр ису. «Газель»-р къызэрэлэпещащ хьыбар куэд щыгъэхуэхьэ са компьютерхэмкIэ. Iэщlагъэлъхэм Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ, Джэрмэншык, Къэхъун, Шытхьэлэ, Псыгуэнсу къуажэхэр кьызэхакIухьащ икIи жылагъуэдэхэм, куей центрхэм нэс кIуэн хуэмейуэ тхылъ щхьэхуэхэр абдеж щагъэхьэзырыну Iэмал иритащ.

Iэнатlэм и Iэщlагъэлъхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр куэд и уасэщ псом хуэмыдэу бжьыхьэ губгъуэ лэжьыгъэм кьыпэрыкIыпlэ зимыIэхэмкIэ. Министерствэм и Iэнатlэмрэ жылагъуэ администрацэхэмрэ зэгурыIуауэ зэрызэдэлажьэм Iуэхур къэныкъуэ куэдкIэ къащегъэпсынщIэ. Мыпхуэдэ Iуэхущlапlэхэр ди республикэм и адрей районхэми кьыщыIэзэрагъэпэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
*Аруан куей*

## Гъатхасэ къэкIыгъэхэр зэщIакъуэж

**Дзэлыкъуэ районым и хозяйствэхэм нартыхуэр, сэхураныр, кIэртIофыр зэуIуу кьыщрахьэлIэж. ФокIадэм и 23-м ирихьэлIэу сэхураныр гектар 471-м щыIуахьжащ, тонн 848-рэ кьыщалъхуащ. Гектарым ику иту центнер 18 къокI.**

ГЕКТАР 254-м нартыхуу тонн 1270-рэ кьыщыдачыжащ. Дэтхэнэ щхьэ 50 кьет. Нартыхуу силосри паупщI. Гектар 1057-м щыщу 260-р Iуахьжащ.

Мы гъэм куейм кIэрIофыр гектар 13560-м щагъэкIащ. Иджы еужьрэкIыу зэщlакъуэж, япэу кьатIыжа гектар 837-м дэтхэнэми хуэзэу центнери 160-м щlиIгъу кьытекIащ.

ПЩЫУНЭ Эммэ,
*Дзэлыкъуэ куей*

## Сом мелуан 12-м нэблагъэ хухах

**Прохладнэ муниципальнэ районым и подряд зэщlыгъуэхэм «2010 гъэм КЪБР-м фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыныщу щызагъэпэщыжьыр» республикэ программэ хэхам хагъахьа псэупlэхэр зехьэн щlадзащ.**

ВИНОГРАДНЭ, Комсомольскэ, Лесной, Придорожнэ, Учебнэ жылагъуэхэм псэупlэ унихым я щхьэхэр, Iупльапlэхэр, тох, хуабэ, псы кIуапlэхэр, фIей щlэжьыпlэхэр щыщlэзэрыгъэпщlыж, къагъэсэбэнахэр зыхуэдизыр кьыхэральытэ Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзырыжащ. А лэжьыгъэхэм ком мелуан 11,2-рэ къыщагъэсэбэпащ.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ,
*Прохладнэ куей*

● КЪБР - Абхъаз

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Удз гъэгъахэр трелъхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен и кIулыкъум етIуанэ пlалъэкIэ зэрыпэрыувжьым теухуауэ вэсэмахуэ Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэхыхьэм кьрихьэлIахэм яхэтащ Абхъаз Республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей. Налшык къалэм Абхъазым и утым деж щыIэ фэеплъым абы удз гъэгъахэр трилъхьащ. Ар и щlыхьэтщ ди кьуэшхэм я щlыхьэуитыныгъэм папщlэ хэкIуэда ди лъахэгъуэхэм я фэеплъыр зэращымыгъупщэм. Апхуэдэуи ар яхуэзащ абхъаз зауэм и ветеранхэм.

Къищlынэмыщlауэ, Бэгъэпщ Сергей Бахъсэн кьалэ щlыхьэ зауэм и щlэныгъэ удз гъэгъахэр трилъхьащ Куржым и дзэхэм Сыхъум кьалэр кьэущlагъэкIыжыныр зи унафэм щlэту екIуэкIа, Абхъазым зыхьумэжыныгъэмкIэ и министру щыта Сосналы Сультlан и фэеплъым.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Бжьыхьэ дыщафэ-2010

# Мы гъэми хэтынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м и предприятэ 22-рэ, щlэныгъэ-къэхутакIуэ институту 2 ящlыгъуу, Мэзкуу щыIэ Урысейпсо Мэзкуу щыIэ Урысейпсо гъэльэгъуапlэ центрым жэпуэгъуэм и 1 - 11-м щекIуэкIыну «Бжьыхьэ дыщафэ-2010» 12-нэ агропромышленнэ выставкэм хэтынущ.

Абы яшэну продукцэхэр хуабжьу зэмылIэужьыгъуэ. Апхуэдэущ экологие и лъэныкъуэкIэ фIагъыщхэр зиIэ Бахъсэнкым и жыг хадэхэр. ОАО-м и мыдрыбсэхэр, «Агро-Ком» ООО-м иджырей технологиещIэм тету къыщагъэкIа помидорхэр, Iэфыкlэхэр щагъэхьэзыр «Жако», «Александровскэ пщlантlэ» Iуэхущlапlэхэм, Прохладнэ щlакхъуэ заводым, «Налшык макарон фабрикэ» ООО-м къыщагъэжьаxэр.

«Агро-Инвест», «Консервпром», «Налшык и гъэш комбинат», «Белес-Агро», «ЗЭТ» дагъэ завод» ООО-хэм я продукцэхэр, «Си къалащхьэ», «Белес», «Русь», «Алькасар», «Дистар» ООО-хэм, «Жызум» ЗАО-м я ликер-арахъэхкIэхэр, «Къэббалъкъуэтlыльыгъэхэр» ОАО-м, Налшык хьэлIэ заводым я нарзанышпсэхэмрэ псыIэфIхэмрэ мы гъэми утыку кърахьэнущ. Апхуэдэущ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэхъуэмыщ хозяйствэмкIэ и щlэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ Бгылъэ, жьэгъущIэс щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэжьыныкIэ Кавказ Ищхъэрэ щlэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ я къэхутэныгъэщIэхэмкIэ нэгъуэщIхэм я дзэгугъэшэнущ.

Гъэльэгъуэныгъэм кIуэнухэм я унафэщlщ КЪБР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыкIэхъэмкIэ и министр Ерчэн Темботэт.

**САМЧЕНКЪ Светланэ.**



## Зэгурыlуэныгъэм Iэ традзэ

АБХЪАЗ. *Саратов областым и дыкIуэ гуп республикэм щыIаж. Абхъазым я пашэ губернатор Ипатов Павелрэ республикэм и президент Бэгъэпщ Сергейрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.*

БЭГЪЭПЩ щlызэдэлажьэну лъэныкъуэхэр кьыхигъэщащ: мэкъумэщ хозяйствэм, ухуэныгъэм, псапащlэ Iуэхугъэм. Мэкъумэщ хозяйствэм Саратов областым зэрызыщиужьыр, абы хьэрычтыщIэхэрэ жьыджэру зэрызэгъэтыр кьыхихугъэщIи, а псор Абхъазым и дежкIэ зэрыщыхьэпэр жиIащ.

Лъэныкъуитlым я лIыщхьэхэм сату-экономикэ, щlэныгъэ-техникэ, экологие, гуманитар, щэнхабзэ Iэнатlэхэм зэрыщыгъэдэлэжьэнум теухуа зэгурыlуэныгъэм Iэ традзащ.

## Рейтингым балли 4 къыщехь

*Щlыпlэм и президент Тхьэкlуэлынэ Аслъэнджэрий и политикэ лэжьакIэм балли 4 кьихьащ.*

«ПЕТЕРБУРГ политикэ» фондымрэ «Minchenko Consulting» коммуникацэ холдингымрэ субъектэхэм я унафэщlхэм я политикэ Iуэхущlафэхэр къаэзэрыщlыхьэм теухуауэ щlэупщlащ. Абы къыригъуэжьа 2010 гъэм и фокIадэм Адыгейм и президентым балли 5-м щыщу 4 кьихьащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Налшык къалэ

## Махуибгъэм къриубыдэу

**Фокlадэм и 17-м лэжьа щlэпхъаджагъэм и зэран зэкIа «Щlыхьым и Мафlэ мыуэжьыхьыж» фэеплъыр зэрагъэпэщыжащ.**

ХАБЗЭХЪУМЭ Iэнатlэхэм кьэхъуар зэрызэхагъэкIыу, ремонт лэжьыгъэхэм щlадзащ. Махуэ дамыгъэкIыу зыхуэфащэ тхылъыр ятри, Владикавказ кьалэм пlалъэ кIэщlкIэ щрагъэпсыхьащ 1947 гъэ lуэндзэрэ мемориал мывэр зыгъэбжьыфlам хуэдэ дыдэ домбеякъ вагъуэщlар.

Цlыху сэфэтым икIа щlэпхъаджащlэхэм кьагъуэ фэеплъыр нэгъэсауэ зэфlагъэувэжри, Налшык къалэ округым и щlыпlэ администрацэм и коммунальнэ Iуэхущlапlэмрэ зыгъэпэсхуэпlэ паркымрэ я лэжьакIуэхэм тхьэмахуэ махуэ блэкIам вагъуэщlэр трагъуэвэжащ. Мемориал комплексым видеокIэ зэрыкIэлъплъ Iэмэпсымэ зэрыхагъэувэнум йогупсу.

**ДЗЭМЫХЪ Лилэ.**

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

# ТекIуэдэнур къалъытэ

**Иджыпсту куэд егъэпlейтей узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэм щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэм. Араш Парламентым и Президиумым и зэпущlэм Правительствэм щыхуэхаха зэманым кьриубыдзу 2011 - 2012 гъэхэм КЪБР-м узынщагъэр хъумэныкIэ и системэр къэгъэщlэрэщlэжьыным теухуа программэр зэрагъэхьэзырым едэIуэну кьыщlыхьар.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкIэ и министр **Бицу Вадим** и псальэм кьыхэщащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщlу Путин Владимир узынщагъэр хъумэным и Iэнатlэм реформэ ин1эр щрагъэкIуэкIыну Iыхьэ 2011 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м зэрыщыжиIар. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я пlуабжьэу увын хуейщ фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэм теухуа законодательствэм хальхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Сымаджэщхэмрэ поликлиникхэмрэ 2011 гъэм щыщlэдзауэ ахъшэ езыгъынур фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэмкIэ фондырщ. Реформэм ипкъ иткIэ, страховой компаниехэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я рынокым щаIэ пщlэр кьаIэтынущ икIи абыхэм мы Iэнатlэм и лэжьыгъэр зэблагъэкIыу щlадзэнущ. Смотэм и пlэкIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэу зэфlагъэкIахэм я куэдагъэм тещlыхьауэ медицинэ Iуэхущlапlэхэм ахъшэ ирату хуежьакIэ, унафэщlIхэмэ lыжьыгъэ зэхъуэкIыныгъэ щыIэ зэрыщыIэм. Ахъшэр кьыдэрагъэсэбэпыр нэхъ нэрылъагъуу щытынущ.

УФ-м узынщагъэр хъумэныкIэ и Iэнатlэм реформэхэр щегъэжьэкIыным пыщlа кьалэнхэр гъэзэщlа хъун папщlэ, Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныкIэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ фlэкIыпlэ зимыlэ медицинэ страхованэмкIэ фондымрэ зэщlыгъуу зэхалъхьащ 2011 - 2012 гъэхэм кьэралым и субъектхэм узынщагъэр хъумэныкIэ я Iэнатlэхэр кьэгъэщlэрэщlэжьыным теухуауэ лъабжьэу кьагъэсэбэп хъун программэ икIи ахэр щlыпlэ псоми яIэрыхьащ.

***(КIэухыр 2-нэ нап.)***

● Ди куейхэм

## Куэд зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэ

Аруан куейм кьышызэIуахащ **КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хъыбарыщIэхэмрэ чэнджэщхэмкIэ и Iэнатlэ.**

МАРДЭ пыухыкIам тету, мыбы и лэжьакIуэхэм районым и жылагъуэхэр кьызэхакIухь сабий пособиехэм, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ субсидиехэм ятеухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэхэм жэуап тэмэм зэрыратынум хуэгъэпса «Газель» транспортыр ису. «Газель»-р къызэрэлэпещащ хьыбар куэд щыгъэхуэхьэ са компьютерхэмкIэ. Iэщlагъэлъхэм Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ, Джэрмэншык, Къэхъун, Шытхьэлэ, Псыгуэнсу къуажэхэр кьызэхакIухьащ икIи жылагъуэдэхэм, куей центрхэм нэс кIуэн хуэмейуэ тхылъ щхьэхуэхэр абдеж щагъэхьэзырыну Iэмал иритащ.

Iэнатlэм и Iэщlагъэлъхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр куэд и уасэщ псом хуэмыдэу бжьыхьэ губгъуэ лэжьыгъэм кьыпэрыкIыпlэ зимыIэхэмкIэ. Министерствэм и Iэнатlэмрэ жылагъуэ администрацэхэмрэ зэгурыIуауэ зэрызэдэлажьэм Iуэхур къэныкъуэ куэдкIэ къащегъэпсынщIэ. Мыпхуэдэ Iуэхущlапlэхэр ди республикэм и адрей районхэми кьыщыIэзэрагъэпэщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**
*Аруан куей*

## Гъатхасэ къэкIыгъэхэр зэщIакъуэж

**Дзэлыкъуэ районым и хозяйствэхэм нартыхуэр, сэхураныр, кIэртIофыр зэуIуу кьыщрахьэлIэж. ФокIадэм и 23-м ирихьэлIэу сэхураныр гектар 471-м щыIуахьжащ, тонн 848-рэ кьыщалъхуащ. Гектарым ику иту центнер 18 къокI.**

ГЕКТАР 254-м нартыхуу тонн 1270-рэ кьыщыдачыжащ. Дэтхэнэ щхьэ 50 кьет. Нартыхуу силосри паупщI. Гектар 1057-м щыщу 260-р Iуахьжащ.

Мы гъэм куейм кIэрIофыр гектар 13560-м щагъэкIащ. Иджы еужьрэкIыу зэщlакъуэж, япэу кьатIыжа гектар 837-м дэтхэнэми хуэзэу центнери 160-м щlиIгъу кьытекIащ.

**ПЩЫУНЭ Эммэ,**
*Дзэлыкъуэ куей*



## Ахэри арэзыкъым

**Вэсэмахуэ Бразилием и ахъшэ хъумапlэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым кьыщта унафэм ипкъ иткIэ, дыгъуасэ лъандэрэ ахэр лажьэркъым.**

БРАЗИЛИЕМ и финанс Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я Конфедерацэм кьызэрытыжкIэ, Сан-Паулу, Рио-де-Жанейро, къэралым и нэгъуэщI къалэшхуэзэм щыIэ ахъшэ хъумапlэ Iуэхущlапlэхэм я нэхъыбэр лажьэркъым.

Банк лэжьакIуэхэм кьагъэуфэ я упахуэм процент 11 ящlэу щlагъуу ахъшэ хъумапlэм и хэхуэм щыщ Iыхьи яIэрыхьэн хуейуэ, я социальнэ пакетхэри егъэфIэкIуахьэу. А Iуэхугъуэр кьыхэзагъэувэм и щlыхь тхылъэр мазитI и пэкIэ щlалъхьат Бразилием и ахъшэ хъумапlэхэм я Федерацэм, арщхьэкIэ нобэр кьызэдэсым льэныкъуитlыр зэгурыIуакъым. Зэкъэзэыlэтахэм ящхэтщ щlыналъэ 25-м я банк кьудамэхэм я лэжьакIуэхэр.

## И жагъуэ мэхъу

**Европей парламентым и унафэщlу Бузек Ежи жиIащ Палестинэм и щlыналъэм журт жылагъуэхэр щыуэхуэныр пlалъэкIэ гъэувыIэным Израилым зэрыпимыщlар и жагъуэ зэрэхъур.**

АБы КЪЕлъытэ ар мамырыгъэм хуэунэтlа Iуэхугъуэ псори псыхэкIуадэ зыщl Iуэхугъуэу.

США-м кьызэригъэпщэу, Палестинэмрэ Израилымрэ мамырыгъэкIэ зэгурыIуэным теухуауэ ирагъэкIуэкI зэпсэльэныгъэр аргуэру зэтетхуэвыIэныкIэ щынагъуэзыуэ щlыщ, Иордан псым и кьухьэпlэ IуфэмкIэ жылагъуэхэр щыухуэныр Израилым зэрыщимыгъэтым и зэранкIэ. Европарламентым и унафэщlым кьыхигъэщащ лъэныкъуитlри зыхущlэкъур кьэлъыта мыхъумэ, мамырыгъэм хуэунэтlа Iуэхугъэр кьазэремыкъулIэнур.

- Нобэ щыIэ Iэмалхэр кьэдмыгъэсэбэпмэ, дэ абы кьэдгъэдыхьущlэгъуэжьнущ, - жиIащ Бузек Ежи.

## Кьалэн зыщицIыжащи...

**Дыгъуасэ Алыджым и гъущI гъэзагъэкIа кьалэ транспортымрэ я лэжьакIуэхэм зыкъагъэтащ, я правительствэмкIэ мыварзыщ.**

СЫХЪЭТ 11-м щыщlэдзауэ 16 хъуху автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ, сыхьэт 12-м щегъэжьауэ сыхьэтплIкIэ - метромрэтрамвайхэмрэ, сыхьэтитхукIэ - гъущI гъэгъуэр лэжьакъым.

Кьалэ транспортым и лэжьакIуэхэр арэзыкъым транспорт зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщI Iуэхущlапlэхэр зэрыщэгъуагъэсэмкIэ. Гъущ гъэгъуэм и лэжьакIуэхэр арэзыкъым абыхэм ящыщу процент 40-р нэгъуэщI Iэнатlэхэм зэрагъэхьэмкIи, мелард Бжьыгъэкlэ жилабфэ отраслым приватизацэ зэрыщекIуэкIыну щыкIэмкIи.

Хьэлъэшэ автотранспортым и лэжьакIуэхэм бэрэжьей жащщым унафэ кьащтащ махуэ кьэдкIэ екIуэжьну забастовкэм щlадзэну. Я автомашинэхэр гъэзгу нэхъыщхьэхэм кьыщрагъэзувэкIауэ, ахэр зэхуащIыну загъэхьэзыр. А лэжьакIуэхэр арэзыкъым щlэпхъэIу псоми лицензэ етын хуейуэ тхьэмахуэ кIуам кьащта законымкIэ.

Хьэлъэзэшэхэр зэмылкIуэлIэж тыкуэнхэр нэщI мэхъу.

ИтIани, Алыджым и правительствэм лэжьакIуэхэр зэрымыарэзы псори илэжьын хуей мэхъу. Евросоюзымрэ МФФ-мрэ кредиту евро меларди 110-рэ кьаIихыну щагурыIуэм а Iуэхугъуэхэр кьалэн зыщицIыжащи.

## Мы махуэхэм

**Фокlадэм и 30, *махуэку***

- **Зэдзэкlакlуэм и дунейпсо махуэщ**
- **Урысейм и Интернетым и махуэщ**
- **Абхъаз Республикэм и кьралэ гуфlэгъуэщ - 1993 гъэм къралэ щlхьэхуит хъуащ.**

**Жэпуэгъуэм и 1, *мэрем***

- **Зи ныбжь хъугъэтахэм я дунейпсо махуэщ**
- **Музыкэм и дунейпсо махуэщ**
- **Китай Цlыхухэ Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
- **Пlъэсыдзэм и махуэщ**
- **Кипр Республикэм и пlъэпкъ гуфlэгъуэщ - 1960 гъэм къралэ щlхьэхуит хъуащ.**
- **Нигерие Федеративнэ Республикэм и пlъэпкъ гуфlэгъуэщ - 1960 гъэм къралэ щlхьэхуит хъуащ.**
- **Палау Республикэм и пlъэпкъ гуфlэгъуэщ - 1994 гъэм къралэ щlхьэхуит хъуащ.**
- **Урысей Федерацэм лэжьэн щыщIедзэ Таможнэ зэгурыIуныгъэм и Таможнэ кодексыщlэм.**
- **1924 гъэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщыщlэуахащ.**
- **1933 гъэм Ленин къалэ еджапlэ цlыкIуу Налшык щlэныгъэм и къуэдзэ щыщIедзэ-рагъэпэщащ.**

*Пlуабэрэ зыгъэхьэзыр* **ГЪУЩIО** *Зарифи.*

**Лъэпкъ Iуащlагъэ**

**Зи щхьэ щlэ хуэзэзымыщlыжьым пщlэ иIэжьым.**

● Жьыгъэ-Дунейм и Лъхьэмрэ

## Зи щlыхь зыхуэхьэзыр

**Бжьыгъэ-Дунейм и Лъхьэмрэ Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ я Щlыхь зыхуэхьэзыр Iуэхугъуэ Iуэхущlапlэм и Президиумым и Унафэщlым и

# ТекIуэдэнур къалъытэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

У зышIагъэр хъуэмэныкIэ, Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ щIыналъэ программэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъщэр кьызэщIагъэуIуэ я мурадщ экIыпIэу щым я хьэкIкIэ: ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и федеральнэ фондым и бюджет етым, УФ-м и субъектым и бюджет ет зэгуэным, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и щIыналъэ фондым и бюджетым кьыхэкIыу. А ахъщэри кьагъэсэбэпынущ уиэ тIыныпIэгу щыкIэ: медицинэм и Iуэхущапlэхэм я щIыналъэ фондым и бюджетым хьэхэкIыу, медицинэ дэлэпыкъунигъэм и иджырей мардэхэм хуэкIуэныкIэ. Мы документыр и лъабжьэу республикэ программэ гъэзагъэувэн папщIэ КъБР-м и Правительствэм лэжьакIуэ гуп кьызэрирагъэпэщащ.

Министрым зэрыжиIамкIэ, уэзыншагъэр хъуэмэным и Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьныкIэ программэр гъэзэщIэным и лъабжьэ нэхъыщхьэу щытынур КъБР-м и бюджет зэгуэным кьыхэкIыу абы халъхьэну ахъщэри. Программэм и проектыр зыдагъэпэщыну щыIэ щIыпIэ иткIэ, мы Iуэхум сом мелард 1,9-рэ тригъэкIуэдэфыну кьаныIтащ. ЕтIуанэ вариантым кьыщыгъэлъэгъуа сом мелард 3,2-р республикэм уэзыншагъэр хъуэмэныкIэ и Iэнатlэр ипэжьпIэкIэ зыхуэфащ нэ хъ пэгъунэгъуэщ икIи абы щыщу сом мелуан 700-р республикэ бюджетым кьыхагъэкIын хуейщ. КъБР-м и мылькукIэ уэзыншагъэр хъуэмэныкIэ мыхьэнэ хэ хэзиI Iэнатlэхэм (психиатрием, жьэн узым, наркологием, судмедицинэ бюром, пат ологоанатомиес бюром) и Iуэхущапlэхэр кьызыхэухъуэныншэу зэгъэщыжынущ, ахъщэ ин ебору дованэр кьащэхунущ, иджырей хъыбарзэхъэ системэхэр зэ тригъэувэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым уэзыншагъэр хъуэмэныкIэ и Iэнатlэр къэгъэщIэжьныкIэ япэ игъэщIапхъэу къалъытащ пэщIдзэ медицинэ-санитар дэлэпыкъунигъэр егъэфIэжьуэныр, медицинэм и Iэнатlэу узыфэ хэхахэр гъэхъужьныным елэжьхэм зегъэужьынущ. ПлапIтIэмэ, ехьэжьыпIэ зимыIэ медицинэ дэлэпыкъунигъэмкIэ Iэнатlэхэр 2011 гъэм Налшык кьалэ округым и поликлиникэ хэм, 2012 гъэм Бахъсэн кьалэ округым и «Кьалэ сымаджэщ» муниципальнэ Iуэхущапlэм и поликлиникэ къудамэхэм папщIэ кьызэрагъэпэщыну я мурадщ. Узыфэ хэхахэм елэзэ медицинэ дэлэпыкъунигъэм зегъэужьынным хлубудзэу ая Iуэхущапlэхэм я мылькуэ-техникэ зэфIэкIыр кьаIэтынущ.

КъыкIэлъыкIуэ кьалэнщ республикэм и медицинэ Iуэхущапlэхэр кьызэрабж электрон т екникэкIэ, зыхуеину программэхэмкIэ кьызэгъэпэщыныр, дохутыр зэзыгъэпытынрэр щатхкIэ электрон Iэмалхэр кьэгъэсэбэпыныр, сымаджэхэм я электрон картэхэр тхыныр, документхэр электрон Iэмэпсымэ хэмкIэ зегъэкIуэныр, телемедицинэ технологиехэм зегъэужьыныр, медицинэм и лъ жьакIуэхэм я регистр зэгъэкIуэныныр. Бицу Вадим зэрыжиIамкIэ, кьалэм нэхъыщхьэхэм ящыщым медицинэ дэлэпыкъунигъэм и иджырей мардэхэм теувэнри. Мы Iуэхури пъэхъэпэ щхьэхуэурэ зэпыудэу ирагъэкIуэныщ. Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъуэмэныр социальнэ зыужьынныгъэмкIэ и министерствэм кьыщта мардэхэм, абыхэм я тарифхэм ящкIи иткIэ ди дежи щаубзыхуащ медицинэ дэлэпыкъунигъэм и мардэ хэм теувэныжьIэ унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэр. Мыбдеж кьыщыхэгъэщхьэхуКIащ гъынтхуэ, псантхуэ, онкологие узыфэхэр зиIэхэм, акушер, гинекологие дэлэпыкъунигъэ хуэныкъуэхэм, сабий кьалъхуагъащIэхэм, фэбжь зытеухуэхэм елэзэныр.

Министрым и докладыр иуха нэужь, парламентар хэм абы упщIэ куэд иратащ. Кьапщтэмэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и кьуэдзэ Саенкэ Татьянэ кьыхиГъэщащ республикэм и Президентым кьинтэува пщэрыльхъэм япкъ иткIэ щIыхьыр щIэзэ Iуэхущапlэу зыбжанэ зэрыхъуейр икIи а Iуэ хъм и пъэныкъуэкIэ я мурадхэм щIэупщIащ. Министрым быдзу жиIащ Кьаныкъуэ Арсен кьахуигъэвуаэ щыта пщэрыльэ псори программэм зэрыхагъэхьар. Мы документым ухуэныгъэщIэ хэр ирагъэкIуэныну кьыщыгъэлъэгъуакъым, Iуэ хущапlэхэр зэгъагъэпэщыжьныкIэ Iэмал псори кьызэIуех.

Медицинэ Iуэхущапlэхэр зегъэпэщын Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъагъэпэщыну зэрамурадым кьыхэкIыу иджырей хъыбарзэхъэ технологиехэр кьэзыгъэсэбэпыфыну зыжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырым т еухуауэ Саенкэ Татьянэ зыщIэупущIам и Жуэлту Бицу Вадим жиIащ, - мы Iуэ хур дзгъэжьIыныжьIэ иджыпсту КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэ зэрепсалъэр. Абы и пъэныкъуэкIэ хэкIыпIэу езы Саенкэ Татьянэ кьиIытащ районхэм я информацэ центрхэр кьэгъэсэбэпынырэ. Аэр ящыщ щIыналъэ псоми яIэщ икIи абыхэм я Iэнатlэхэр зыужьынкIэ зэрыгъэпэщыжьынкIэ компьютер техникэм хуагъэсэфынущ. АбыкIэ министрри акьылэгъу хъуащ икIи адэкIэ кьыщIигъуащ, кьэрал Iуэ хущапlэхэм иджыпсту кьыщагъэсэбэп программэ зэмылIужьыгъуэ зэм кьадэкIуэу, электрон Iэмалхэмкlэ документхэр зэрызэрагъакIуэну программэ зэрагъэхьазырыр. Мыгувэу ар щагъэзэнхунущ медицинэ Iуэхущапlэхэм ящыщу текникэкIэ нэхъ хуэщIа кардиологие центрым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар депутатхэм гу лъагирIэтащ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным текуэуауэ щIыхьхэм я къэхъуэныр. Абы и пъэныкъуэкIэ зыхуэфащэ пщIырыпхъэр хъуэмэным и Iэнатlэр кьэгъэщIэрэщIэжьныкIэ программэр гъэзэщIэным хиубыдзу абыхэм ящыщу зыбжанэ зэрыгъэпэщыжьынкIэ, ерыскьыгъуэ щхьэхуэхэм я уасэхэр дэкIуеящ. Ставрополь, Краснодар крайхэм хъращ хьэжьыгъэр, апхуэдэу щэ гъуащэр, щэ дагъэр нэхъ льапIэ зэрыхьуам щакхъуэмрэ сэмбым ит гъэшIэрэ я уасэхэм хагъэхьащ. Ауэ лым (быльмылым, мэльылым, дждждэзылым) и уасэм зихьэжакъым.

- Бгъэкъыгъуэ нэхъыщхьэ хэр зыщхьэм я деж щрагъэкIуэкIа зэгъэпэщынгъэхэм зэрагъэнэIуамкIэ, хьэжьгъэмрэ щакхъуэмрэ я розницэ уасэхэр зэрыдэкIуеяем хуэдизкIэ - ику ину процент 25-кIэ, 32-кIэ - зэрыгъэпэщынхэр хъущ. Кьэрэльэгъуэн хуейщ я щхэуакIуэхэр яхьумэн щхьэкIэ, языныкъуэхэм розницэ уасэхэм зэрыщIамыгъуар. Абы кьыдэкIуэу, кьыхэгъэщапlэм, ОВД-хэмрэ зэрыщIэныгъэ хьэзырхэм уасэхэр хэпщIыкIыу (процент 25-м нэскIэ) кьызэралэтар, тхьэмпэ процент 52-м нэблагъэкIэ зэрыхэхьуар.

Урысейм и ФАС-м и щIыналъэ кьудамэр гъэщIэмрэ тхьиумрэ зэращIэ зэращIэ уасэхэм тхIийуэ кIэлъыплъынущ, МВД-м и УБЭП-м щхьэхуэу иригъэкIуэкIыну кьэпщIытэныгъэхэм хэтынущ.

**УЭРКЪУА СЭ Каринэ.**

*ФокIадэм и 28-м Китайм кIыщ Урысейм и Президент Медведев Дмитрий. Ар ЭКСПО-2010 выставкэм еплъащ, кьэралым и унафэщIхэм епсэльащ, зэгурыIуэныгъэхэм Iэ тридзащ. АрщхьэкIэ Медведевым а кьэралым теухуауэ зыхуеину псори кьыхуэщIэнукым, абы кьыхэкIыу «Аргументы недели» газетым и лъэужьI тэдзэтх икIи Президентым и унэцIэджэгъэу Медведев Рой кьэралым и Iэтащхьэм хуеIуатэ иджырей Китайм и псэухэм уиэзыгъэгъуаэ Iуэхухэр.*

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Китай

# «Пащтыхь цIыкIухэм» я щIэблэр

- КИТАЙР «зыуэ икIи ямыгуэшу» щыт кьэралу иджы жьIпIэ хъужьныкъым. ПэкIи, иджырэ гъэ польэщ сепаратист эщIэхьеенымгъэхэм, и щIыналъэри зыми хуэгъэшынукъым. Арщхьэкlэ эофIоувэ «ЕтIуанэ Китай» - Интернетым, щIыхь кьуленэхэм, хуиту гупсысэ ныбжьыщIэхэм я Китайр. Мы Iуэхур кIуэ пэтми нэхъри белджылы мэхъу. Ар «Китай Ин» здахуэхъм ильэсипщI зыбжанэмкIэ зэфIэкIыну кьыщIэкIынущ. Китайр пашэхэм ящыщыжьщ, ауэ аракъым XXI лэщIыгъуэм дунейм ичэф хуэзыщIынур.

**- Китайм зиужьащ дунейм и нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу и лъахэгъуэм я инвестицIэм я хьэкIкIэ. Урысейм зэкIэ апхуэзэ зыужьынкIэ игъэгъэгъуэным. Щхьэ хуэзофIкIа Китайм апхуэзэ мылькуэхэр зрихьэлIэн?**

- Материкым щыIэ Китайм и щIыбкIэ цIыху мелуан хьищIым нэс щIэпсэуащ. Абы и кьэралым тэ. Абыхэм я нэхъыбэр Тайваным, Гонконгым, Макаом, Сингапурым яхуоэ, абыхэм щыпсэуэр кьулей дыдэхэрэщ. Апхуэдэу китайхэр щымащIэкъым Индонезиеим, Малайзиеим, Филиппинэм. А лъэпкым щыщ щыхьэхуэр щопсэу Ипщэ-КьуэкIыпIэ Азием и кьэрал псоми. КуэдIэпхъуэщ Ищхьэрэ, Ипщэ Америкъэхэми.

НэгъуэщI кьэралхэм Iэпхъуэхэр Китайм зэи кьыщIальэтэу щытакъым епIыжакIуэ. СССР-м я Iуэхур зэрищIышытри дощIэж. Китайхэм нэгъуэщI хабзэхэр яIэщ: кьэралым икIэм лъэпкым, Iыхьлыхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэр яфIэкIуэдыркым.

Китайми нэгъуэщI кьэралхэми кьыщалъхуахэм зэм зыщагъэпытщэркым езыхэм я кьалэныр. Абы щыгъуэми кьалытэркым, а зэманым Китайм щыщыIэ хуэхэр зыхуэдэри. Урыс Iэпхъ уэшапхъуэхэр яхуоэзэ здикIа зэкIуэм кьрана щиху жыгхэм. Зи Iуэху дэкI китайхэр аракъым. Аэр я кьэралым зыIутыжкIэ зэрыщхьэпэныкъым ящхьэ итщ. Араш Китайм и бжэкэр зэIуихауа нэужь, абы инвестицэхэр куэду щыIэныхьам и щхьэуасыгъэщ.

**- Аэр мылькушхуэт?**

- НэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу я лъэпкъэгъуэхэм я мылькуу хэкум халъхьамкIэ блэкIа лIэщIыгъуэм и 80-90 гъэхэм ягъэувыIэр ящыщащ. Китай статистикэм кьыызэригъэльагъуэмкIэ, 1993 гъэм абыхэм яхуэзэрт мылькуу халъхьа псоми я Iыхьэ щаритIыр икIи зэгъуэгъ кьызэмыгъэщIэн щIыналъэм и процент 80-м нэблагъэ. А щытыкIэм иджыри зихьэжакъым.

**- Урысейр хущIокIу езым и бынхэр. Псом хуэмыдэу еджагъэшхуэхэр, зрищIэлIэжьыну. Аущ ар абы кьыхьулIэу фэ теткъым...**

- Китайм щIэныгъэ зыбгъэдэль цIыхухэр зрищIэлIэжу щIидзащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм - КНР-р кьызэрагъэпэща нэужь. Дунейм псом щыщIэрыIуэ еджагъэшхуэхэу пщIы зыбжанэр, Францием, США-м, Индиеилъэсым я щIэныгъэ Iуэхущапlэхэу улахуэ инхэр кьыщратхэр кьагъанэри, я унэ ягъэзэжащ. Абы щыгъуэми, яныкIикIэ щынагъу эу. Кьэдгъэльэгъуэнщ «китай космонавтикэм и адэ» Цянь Сюесень. Ар Массачусетс технологие институтым и профессору, США-м IэщщэжмкIэ зыгъэгъэщIэнымкIэ и институтым и чэнджэщэгъуэ щытащ, американ ВВС-хэм я полковникт. Ар лъэIуащ кьэралым ирагъэкIыну. Бжьы уадакьым. Ирыкьыу ФБР-м Iэщ1кIри, Китаймрэ игъэзэжьифащ.

**- Иужь ильэсхэм Урысейм жыджэру бизнесым зыщрегъэжькIа кьэралхэр республикэхэм. Абы щыжьIэ щIэупщIу кьегъэкIыж Китаймрэ и властхэм я унафэм щIэмыт «щIыналъэ гъэтIылъэхэр». Арщхьэкlэ Китайм я щIыналъэхэр зыIэщIигъэкIыркъым.**

«ЯгъэтIылъа щIыналъэхэр жьпIэныр кьеэзгъэщIэркъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, Гонконгыр (Сянган) 1997 гъэм Инджылызым и ужькIэ Китайм и унафэм щIэувэжащ. «Зы кьэрал - уху хIитI» хабзэ ягъэуващ. Мы зэманым экономикэ и лъэныкъуэкIэ я щIыналъэр щхьэхуитщ. Щыхь кьэс хуэзэ ВВП-р зыхуэдизымкIэ абы нэгъабэ дунейм 6-нэ, ЕрыскIэм 69-нэ, езы Китайм 82-нэ увыпIэр щиуфыщащ.

Макаор Китаймрэ ей хьужащ 1999 гъэм. Мы зэманым ар Ипщэ-КьуэкIыпIэ Азием и дежэгупIэ щIыналъэ нэхъ ин дыдэщ. Казином, нэгъуэщI джэгукIэхэм кьапэкIуэ я мыбы зы ильэсым кьащIэрохьэ доллар мелардищым щIигъу. Щ1ыналъэм туризмым, ресторан Iуэхум зыщIужьжьащ. Нэгъуэщу зыкIэ, цIыхухэр кьулейу я щопсэу. Мыгувэу Макаом щIэныгъэм увыпIэшхуэ щиубыдыныщ.

Китайр псом хуэмыдэу зыщIэлIэжу щIидзащ Iэмалхэр. Километр зэбгъуэнатlэ мин 36-рэ хьу а хьтIыгум мы зэманым щопсэу цIыху мелуан 20. Японием, США-м, Европеоюзым и кьэралхэм я мылькуэкIэ Тайваным хуабжьу зиужьащ. АрщхьэкIэ Китаймрэ Тайваным я кIуэ пэтми нэхъ зэгурыIуэ зэрыхъуэм Вашингтонрэ Токиорэ хуабжьу тогуэвэвых. Дунейпсо экономикэ кризисым щIигъэпсыншIащ Китаймрэ Тайваным я экономикэхэр зэхыхьэныр. ХьатIыгум щыпсэуэр кIуэ пэтми нэхъ щIыпешэ Китайм.

Ильэси 10 - 15 нэхъ дэмыкIыу США-рТайваным икIыжьынущ - ар белджылыщ. ИтIанэ Китайм Ипщэ-КьуэкIыпIэ Азием бкIыпIэр щиубыдыныщ. Ар кьамылтыгъу хъунукъым Корее Ипщэми Япониеми.

Пекин экономикэ и лъэныкъуэкIэ быдэу япыщащ Сингапурми Малайзиеми. НэгъуэщI жьпIэмэ, кьэнухуну «Китай Иным» езым зрищIэлIащ щIыналъэм нэхъ зыужьыжьа дыдэ кьэралхэр. Абы щыгъуэми зыкIи хуэщIэуакъым езым и идеологиер абыхэм кьаригъэщтэну.

Апхуэдэ Iэмалыр Урысейм кьигъэсэбэп хьунут Абхазэм, Осетие Ипщэм, апхуэдэу Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм ехьэлIауэ, уеблэмэ СНГ-м и адрей кьэралхэм яхуэзгъэзауэ: я хабзэхэр имыкьутэу, я псэукIэр зэримыхьэкIыу, экономикэ и лъэныкъуэкIэ хуитыныгъэ псори яриту. Апхуэдэу щIыналъэхэм я зэхэм нэхъ быдзу зрищIэлIэфынут. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъуащ, апхуэдэ политикэ ирагъэкIуэкIыну ди дежи щепIащIыкIыну.

**- Урысейм и Президентри Премьерри ныбжьыкIэ щIалэу кьэпIытэ хьунущ. Китаймрэ ар щIэупщIащ ныбжьыкIэ хьуну. Ныбжьыщ1эхэм я кьэралым и Президент сыт хуэдэ зэхьуэгъэкIыныгъэхэр игъэутынкIэ хьуну?**

- 2012 гъэм Ху Цзиньтао и пIэм ирыпэнущ КПК-м и ЦК-м и Политбюром Зэпымыууэ иIэ комитетым хэт, КНР-м и унафэщIым и кьуэдзэ Си Цзиньпин. Араущ, властхэр зэрыщэрахьуэкIынур гурыIуэгъуэ. Езы китайхэм жаIэ властхэр пIалъэ-пIалъэкIэ зэрахьуэкIын хуейуэ. КьуэлыкъуэщIэхэр кьыхахыным епIэщIэкIыркъым. Урысейр апхуэдэ политикэм щыщынэн хуейкъым. Араущ, Китайм и кьэрал щIэблэ политикэм зэхьуэкIынигъэщхуэ игъуэтынкъым. КНР-р зыуейр мамыру, зыри кьыпэрымыуэу зиужьынырщ.

**- Уэ кьыщэрыпльытэмкIэ, Китайр хущIэкъуныкъым КъуэкIыпIэ Жыжьэри Сыбыри иубыдыну.**

- Льэуэ. Пекин хуейщ Урысейр льэщу щытыну. Абы дэ дыкъельытэ и щыбагъ кьыдэт кьарууэ. Ауэ аэр езыгъэр щэхуу зэгупсысыр зыми ищIэркъым. Дэн Сяопин мыпхуэдэ хабзэ кьыхилъхьауэ щытащ: «Зыми ищIэн хуейкъым дэ ди мурадхэр». Сэ си гугъэщ а щIыналъэхэр зэгъэсэу кьаръыурыщIэнным Урысейм и сэбэп хэпъуи. Дэ езыхэм ахэр кьытхуэIэтыныкъым. А щIыпIэхэм щыпсэу цIыхухэм я бжьыгъэм зэпымыууэ кIэроху - ильэс 20-м кьриубыдэу процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Китайм, Корее Ипщэм, Японием я гъуэсу а щIыналъэхэр кьэдгъэIурыщIэным ди сэбэп хэлъщ.

**- Китайм зыщегубгу Интернетым, туризмым, ильэс 30-40 дэкIмэ, Китайм и щIыхуэхэр Урысейм сыт хуэдэу кьыхуущытыну?**

- Сэ Пекин университетым лекцэ сыкьыщеджащ. Аспирантхэр, егъэджакIуэхэр, еджагъэшхуэ зэхэр куэду щIэст. АрщхьэкIэ студентхэр яхэт тэкъым. Ар кьыызыкIэкIам сыщщIэупщIэм кьыызжаIащ: «Дэ тщIэрыщIэм абыхэм зэрызащIынур. Дыщыгъуэзэкьым абыхэм я щхьэм ильым. Дэ абыхэм дащоушIэн». АрщхьэкIэ индивидуэ гурыIуэгъуэщIэблэр блэкIамкIэ зэрымыарэзыр.

«Зы унагъуэм зы сабий фIэкIа ирэн хуейкъым» кьыхуеджэныгъэм и ужькIэ китайхэм я бын закъуэм гулытэщхэу хуащIэкуда, уеблэмэ щхьэр щагъэкI. А бын зы я жагъуэ ящIын мэшынэ я гъэсакIуэгъэхэр. «Пащтыхь цIыкIухэм» я щIэблэм властыр яIэрыхьэмэ, кьхъынур зыми ищIэрыхьэн.

**КОНЕВ Иван.**
*«Аргументы недели».*

# Телъыджэ гуэри хэлъкъым

● Дзэ

**Офицерхэм я унэм (Владикавказ) иджыблагъэ щекIуэкIащ гъатхэм дзэ кьулыкъым ирадджэнымкIэ ехьа Iуэхур зэрызэфIагъэкIам теухуа зэIущIэ. Зэуэ белджылы кьэхъуащ ар кьыззыгъэпэщахэм псори хьарзынэу кьыщIрагъэдзыну зэрыхущIэкъуар. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэт. Осетие Ищхьэрэм Урысей Федерацэм Iэщ1кIэ Зэщ1уэзэда и Кьарухэм щIалэхэр гъэкIуэныкIэ планыр пощенту 100-кIэ игъэзэщащ.**

УФ-мрэ республикэмрэ я кьэрал гимнхэр ягъэзэщIа иужь, махуэшхуэм екIуу хуэпа офицерхэм утыкум ирахьащ Урысеймрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я ныпхэр, кьызэхуэсахэр зы дакIикъэкIэ яхуэщIагъащ иджыблагъэ ялъжьа щIэпхьаджагъэм хэлъхуэдахэм.

ЗэIущIэм ирихьэлIат кьулыкъуэхуэ зыIыгъхэр - Осетие Ищхьэрэм и премьер-министр Хлынцов Николай, парламентым и спикерым и кьуэдзэ Хадиков Аэзмэт, республикэм и военком Морозов Юрий, щIыналъэм и члисэхэм я Iэтащхьэ Шаурман Олег сымэ, апхуэдэу Хэку зауэщхэм хэтахэр, дзэм кьулыкъу щызыщIахэр.

Пэублэ псалъэкIэ зэIущIэр кьызэIуихащ премьер Хлынцов. Игу кьызэрыдэмыжьым кьыхэкIыу, абы кIыхь зригъэщIакъым: жиIащ Осетие Ищхьэрэм сыт щыгъуи дзэ кьулыкъым пщIэшхуэ щыхуащIу кьызэрекIуэкIыр. АрщхьэкIэ республикэм и военком Морозов Юрий кьэпсэлъапIэм щыжиIаэхэр апхуэдизкIэ тельыджэти, псори едэIуащ я тхьэкIуэмэхэр тегъэхуауэ. Ар кьызыхэкIари иджыпсту кьэфщIэнщ...

Пэжщ, процентищэр зрагъэхъулIащ, ауэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ? Зыхуеину щIыху бжьыгъэр ирагъэкъуащ ерагъкIэ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дзэ кьулыкъым зыпIэуздзэр итьэс кьэс нэхъыбэ зэрыхъурщ. Иджы абыхэм военкоматхэм я лэжьакIуэхэм зыщагъэпэщкIуркъым. Кьыщеджэну эманыр кьызэрысу республикэм йокI, ахьшIэ кьалэжьым мурадкIэ. ТегъэщIапIэ ящI щIыналъэм лэжьапIэ кьыщыбгъуэтыну зэрыгугъэр. Араши, нэгъуэщI щIыпIэхэм щIакхъуэ Iыхьэ кьызэращэхун кьыщадыхьуэ. Дауи, лъабжьэ зиIэ щхьэусыгъуэщ: зи щхьэ зыпIыжьну хущIэкъу ныбжьыщIэхэм сыт яхужьпIэн? Ауэ Iуэхум хьилагъэ хэлъу кьыщIокI: дзэ кьулыкъым зыпIуэздзэ республикэм икIахэм я нэхъыбэр унагъуэ хущIахэм, зыми хуэмыныкъуэхэм ящыщI. Абыхэм я бын «лэжьакIуэхэр» хамэ щIыпIэхэм щопсэу зыри ямыщIэу, ауэ икIи зыми щымыщIэу...

Гъатхэм дзэ кьулыкъым зыпIуэздзахэм я бжьыгъэ - кьулейкъэхэми кьулейхэми ящыщу - щIыху мминищ хьуащ. Аратти, комиссэхэм епIащIэкIыу кьалъытыхьуэн хуей хьуащ абыхэм я пIэ иригъэувэнухэр.

Кьэдгъэхьащ зэрысабийрэ ныкъуэдыкъуэ щIалэхэр узынщэ дыдэу кьыщIрагъэдзурэ дзэм щраджэ. Ар зи зэранри кьулыкъу щIэным зыпIуэздзэхэм я закъуэкым - Осетие Ищхьэрэ-Аланием и щIыхухэм я узынщагъэр итьэс кьэс нэхъри зэIохъэ.

Абы тельыджэ гуэри хэлъхъым: щIыуэпсыр фIейщ, ныбжьыщIэхэм кьэуар зыщIэпъ ерыскъы ящхьркъым, афиныымрэ фадэмрэ куэд ятьэкъуащ. Аратти, иджыдэхэм я процент 25-м ирагъэхьэзэжьи хуей хьуащ. Итьэс щыбжанэ и пэкIэ апхуэдэхэм я бжьыгъэр процентти 10-м щIигъурэтэкъым. Араш Iуэхур зыIутыр.

**ХУГАЕВIеван.**
*«Северный Кавказ».*

# Дунейпсо кином и вагъуэхэр

● Гъуэзджэ

**Мы сурэтым щыфIалагъу артистхэр дунейпсо кином и вагъуэхэм хабжэ. Ди кьэралым куэдрэ щыIа Демонжо Милен, псалъэм и хьэтыркIэ, цIэрыIуэ хъуа фильм 88-м щыджэгуащ. Абы хуабжьу фIэфIт Монтан Ив, де Фюнес Луи, Маре Жан сымэ я гъуэсу ролхэр игъэзэщIэну. Дигу къыдэкIыжьнщ 70 гъэхэм СССР-м екъуЛэныгъэ ин иIэу щагъэлъэгъуа «Фантомас», «Мушкетёрищ» фильмхэр, нэгъуэщIхэри.**

● Къаугъэ

# Апхуэдэуи къохъу

**Иджыблагъэ Дагъыстаным гуауэ къыщыхъащ. МВД-м и кьэралкIэупIыдзэхэм ящыщхэм «Жигули» автомашинэр къагъэувыIыну я мураду Iэ уащIа щхьэкIэ, кьриджакъым, уеблэмэ нэхъ нсынщIэ зищIащ. КIэлъыплъхьэри, автомобильым исахэр яукIащ, ауэ ахэри милицэ кьыщIэкIащ.**

ЛъБЫЩАГЪЭЖАРХасавюрт - Дыдым гъэзэуи и 16-нэ километрыщ.

- А щIыпIэм милицэмрэ я кьэралкIэупIыдзэхэмрэ зэгъусэу оперативнэ Iуэхуэхэр щрагъэкIуэкIырт, - жиIащ Дагъыстаным и МВД-м и прессIуэхущапlэм и унафэщI Гасанов Вячеслав.

- Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, - жеIэ абы, - хэкIуэда милицэхэм кьафIэщIаэжьащ гъэтум тет щIыхуэхэр хабзэхъуэ фащэ щызытIэгъа боевикхэу. Ауэ зауэлIхэми дэнэ щащIэнт ахэр милицэм и лэжьакIуэу (гуауэр кьыщыхъуар жэщым сыхьэт 11-рщ).

Гасановым и псалъэхэм пэж хъунущ къыщIэкIынущ. Машинэр кьагъэувыIэну щыхуэсжьар плъырыпIэкъыстам, атIэ гъуэгуIуфэ кIыфIырщ. Абы кьыхэкIыу милицэм и лэжьакIуэхэр щынагъэнущ я автомашинэр кьагъуэвыIэн.

**ЕВСТИГНЕЕВ Дмитрий.**
*«Известия».*

● Белоруссие

# Къуэкъэпсэм ахэр къыфIэIуэху?

Апхуэдэ щыкIэкIэ, щIэныгъэлI Суздальцев Александр и псалъэхэм ятепщIыкIыу, КъуэпIэр зэрыгъэщIэн щыщ зыкIи зыхимыльэфэну Iуэху иригъэкIуэкIыну: «Москва Лукашенкэ къимыгъэззэжу IуйгъэкIуэтынуI хуейт». КъуэкъэпIэр абы зэран кьыхуэхъунукъым - сыт хуэдэ ятемытами, иужькIэ Евросоюзым кьигъэсэбэп хьунущ зэфIэувэ щытыкIэр.

АрщхьэкIэ Кремлым гулытэнщэу кьигъанэ хэупчынукъым хэхьыныгъэхэри «езым» и щыху кьигъэльэгъэщынур. Апхуэдэу хьумэ, «КъуэкъэпIэм Лукашенкэ текIуэуэ кьиIыпытэнкIэ, иужькIи ар и жьам щIэгъуэзэнкIи зыхуэIуа щыIэкъым».

*«Аргументы недели».*

# Къулеигъэхэр здэщыIэ

● Щ1ыналъэхэр

**Мыгувэу Арктикэр хъункIэ хъунущ гъэсыныпхъэхэр куэд дыдэу кьыщыщIащ, кьэралхэр щызэдзакIэщ щIыналъэ. Абы кIэ «къуаншэр» дунейр кьызэрыхьабзэщ. Урысейм мы Iуэхум фейдэ кьыхихьыфынущ. Помокорсым и Iуэщхьэм (псы щIагъым щIэтыт) и закъуэ углеводородыр тонн мелардри 5 хуэдизщ щIэту кьахутащ. Къэрал куэд хущIокIуэу а кьулеигъэм.**

- АрщхьэкIэ зыри зэхуагъэшынукъым, - щыжиIащ иджыблагъэ Путин Владимир - Арктикэр къэралхэр зэпызыщIэ щIыналъэщ» дунейпсо зэIущIэм. Абы кьызэрыхигъащамкIэ, Арктикэр мамырыгъэмэ зэдзэлэжьнымрэ я щIыналъэу щытынущ.

Щ1ыдагъэмэрэ газымрэ я дунейпсо гъэтIылъыгъэхэм я Iыхьэ пIланэм зэкIэ уальэгъэсыну гугъущ, арщхьэкIэ мы Iуэхум зэныкъуэкъу кьикIащ. Арктикэм щыщ Iыхьэ зыIэрагъэхьэну хущIокIу США-ри, Канадэри, Данием, Норвегиери.

- Ауэ абыхэм «дезэуэнукъым», атIэ дадэлэжьнущ, - жиIащ Путин Владимир. - Ди жагъуэ зэрыхъущи, щIэщ Арктикэм папщIэ зауэ кьхъэеин хуэдэу зыгъэхьыбар «джэшыдзэхэр». Дэ щытыкIэм сакъыу дыкIэлъоплъ икIи апхуэдэ кьыщIэхъуэ сыгъуэ тлъагъуркъым - а псалъэмакъыр зыхуэгъэзащ къэралхэр зэщыгъэхьэнырщ. Псы утхъуам бдзэжьей кьыщыбубыдыну нэхъ тыншкъэ!

- Дэ тенджыз гъунапкIэхэр дыубзыхуным, Ищхьэрэ мылыпIэ хьм дыщызэдзэлажьэным теухуауэ Норвегиеми дыгуриыдащ.

Урысейм иIэщ зи щIыналъэр Арктикэм егъэщIылIа нэгъуэщI кьэралхэм зэрадзгъэшэн. Дэ лIэщIыгъуипщI хьуауэ Арктикэр кьэдгъэIурыщIэ. Урысейрэ Ищхьэрэ мылыпIэ гъуэгур зыухуар, мыл Iуэхум зыщIыкIыгъэм ехьэлIа Iэжьыгъэм зыщIажьэ авиацэр кьыззэзгъэпэщащэм яхэтар. ИкIэм-икIэжьым, Урысейм иухуащ Арктикэм и Iуэнапкъэм ущхьэдэхмэ щIыIэ кьалэхэр. Зыдымысыжьыщ абы щыгъуэм щIыуэпсым и щIытыкIэр зыхуэкIуэнум гульытэ зэрыхуэдмыщIамкIэ, ауэ дяпэкIэ дыхуэзакьынщ, - кьиригъэгъащ Путин Владимир.

Щ1ыналъэм щ1ыхуэр зыхуей хуэзэу щIыпIэгъэщ папщIэ Iэмал псори кьызэгъэпэщын хуейщ. Ар Iуэху джэгукъым. Ди деж Полярнэ округым щIыпсэур ди щIыхуэхэм я зы процентрэ ныкъуэрэщ. Ауэ мис а щIыналъэхэр УФ-м и лъэпкъ продуктым и процент 11-р, нэгъуэщI кьэралхэм едгъащэхэм я процент 22-р здикIыр. Щ1ыхуэхэм я гугъу щищIым, Путин Владимир кьыхуриджажьащ щIыналъэм щIыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщхэм я хабзэхэр яхъумэным хуэсакьыну.

ЕтIуанэ кьалэну щытщ щIыпсэу, нэгъуэщI кьэралинвесторхэр а щIыналъэм и экономикэм и щIыпIэ ныгъэм ехьэлIа Iэжьыгъэм щыдэлэжьынущ. Путин Владимир и Iуэхущапlэм и экономикэм и щIыпIэ зыпIуэкIыну щIыуэпсым и щIытыкIэр зыхуэкIуэнум гульытэ зэрыхуэдмыщIамкIэ, ауэ дяпэкIэ дыхуэзакьынщ, - кьиригъэгъащ Путин Владимир.

Щ1ыналъэм щ1ыхуэр зыхуей хуэзэу щIыпIэгъэщ папщIэ Iэмал псори кьызэгъэпэщын хуейщ. Ар Iуэху джэгукъым. Ди деж Полярнэ округым щIыпсэур ди щIыхуэхэм я зы процентрэ ныкъуэрэщ. Ауэ мис а щIыналъэхэр УФ-м и лъэпкъ продуктым и процент 11-р, нэгъуэщI кьэралхэм едгъащэхэм я процент 22-р здикIыр. Щ1ыхуэхэм я гугъу щищIым, Путин Владимир кьыхуриджажьащ щIыналъэм щIыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщхэм я хабзэхэр яхъумэным хуэсакьыну.

ЕтIуанэ кьалэну щытщ щIыпсэу, нэгъуэщI кьэралинвесторхэр а щIыналъэм и экономикэм и щIыпIэ зыпIуэкIыну щIыуэпсым и щIытыкIэр зыхуэкIуэнум гульытэ зэрыхуэдмыщIамкIэ, ауэ д